



## Umugambi y'Imfashanyo y'Amafaranga

### Ibibazo & Inyishu be n'amakuru ukwiye kumenya

#### Urashobora kudufasha gusigura neza ingene dusaba?

Mu gihe woba ufise ibibazo bijanye n'ingene bikorwa canke ukeneye imfashanyo mu gutahura igice ico arico cose c'ivyo bikorwa, turagusavye uyage n'umwe mu bagize umurwi wacu ujejwe gufasha abatwitura kuri (800) 639-2719.

#### Ndashobora kuronka ubufasha mu kwuzuzwa ugusaba kwanje?

Ego. Turagusavye yaga n'abakozi bajewe Abakiriya kuri 847-8000 canke 1-800-639-2719 mu gihe ufise ibibazo canke utwandikire kuri [CustomerService@UVMHealth.org](mailto:CustomerService@UVMHealth.org). Nimba wipfuzwa kuvugana n'Umuburanizi ku bijanye n'Amafaranga canke Umuhanuzi aho wodusanga haboneka aha musu. Abakozi b'Umugambi Health Assistance Program ujejwe gufasha mu bijanye n'amagara y'abantu barashobora kubonana nawe kugira muheraheze igisabo. Urashobora kubakura kuri 802-847-6984 kugira muyage.

#### Central Vermont Medical Center

Financial Advocacy  
3 Home Farm Way  
Montpelier, VT 05602  
(802) 371-4600 Option 1

#### Porter Medical Center

Financial Counseling  
23 Pond Lane  
Middlebury, VT 05753  
(802) 388-8808

#### University of Vermont Medical Center

Financial Advocacy  
111 Colchester Ave  
Burlington, VT 05401  
Main Campus, ACC Registration  
(802) 847-1122

#### Nimba har'ikibazo canke ikigabane kitandaba, ndashobora kugisiga kigaragara?

Oya. Dusaba ko igisabo cawe kiba cuzuye neza mu gihe usaba imfashanyo y'amafaranga. Mu gihe har'ikigabane canke ikibazo kitakwerekeye, wandike N/A ku bitakwerekeye.

#### Nimba ntafise amakaratasi yose yasabwe. Ndashobora kurungika ivyo mfise?

Oya. Utegerezwa kurungika ugusaba kuzuye kurimwo amakaratasi akwiye, canke ugusaba kuzankwa gushika urungitse amakaratasi y'ivyabona. Mu gihe ufise ikibazo cerekeye urwandiko kanaka, turagusavye utere akamo igisata cacu kijejwe gufasha abakiriya kuri (800) 639 2719, hari aho hoba hariho ikaratasi yindi ishobora gusubirizwa.

#### Sinzi neza ko nashobora kuronka Medicaid, NY Family Health Plus canke uwundi mugambi wo gutegekaniriza kazozo washinzwe na Leta, woshobora kumfasha gutahura ko nemerewe?

Ego, turagusavye uyage n'umwunganizi mu bijanye n'amafaranga ku bitaro bikwiye vyayazwe haruguru kugira mushireko ikoraniro canke umwihwezo w'iyi ngwara nk'uko bisabwa.

#### Ikete ryo gusuzuma ko umuntu aronka imfashanyo n'iki?

Nimba uronswa imfashanyo z'amagara y'abantu (SSI), iri n'ikete rya buri mwaka uronswa n'abajewe gutegekaniriza kazozo rikumenyeshya ko utegerezwa kuronka imfashanyo yo ku kwezi ku kwezi. Mu ntumbero yo

gusuma neza tuzokwemera kwakira ikopi y'ikete ryemeza ko waronkejwe agashirukabute. Kugira ngo uronke ikopi y'ikete ryo gusuzuma ko umuntu aronka imfashanyo zawe, raba kuri [www.ssa.gov/myaccount/](http://www.ssa.gov/myaccount/)

### **Narungitse impapuro zanje za W2, hama ndasubizwa impapuro zo gusaba kwanje bansaba Federal Tax Return. Kubera iki?**

Hariho itandukaniro hagati ya W-2 n'Amakori usubizwa na Leta(Federal Tax Return). Ikaratasi ya W-2 ni icegeranyo gusa c'umushahara urungikirwa n'umukoresha kanaka. Amakori yawe usubizwa na Leta ni icegeranyo kirimwo amakuru yose ajanye n'amaronko yawe yose. Turakeneye ikopi y'Amakori usubizwa na Leta. W-2 ntizoshobora gukoreshwa nk'imfatakibanza. Mu gihe udafise ikopi y'Amakori usubizwa na Leta, tera akamo Ikigo ca serevise z'Amakori (IRS) kuri 1-800-908-9946 hama usabe ikaratasi y'Amakori usubizwa na Leta ata kiguzi canke usure [www.irs.gov/Individuals/Get-transcript](http://www.irs.gov/Individuals/Get-transcript)

### **Ni umwaka uwuhe w'Amakori usubizwa(Federal Tax Return) na Leta ntegerezwa kurungika?**

Rungika umwaka w'ikori uheze - inyuma y'itariki ya 15 Ndamukiza.

### **Umukoresha wanje atampaye amakaratasi y'umushahara, nokora iki?**

Mu gihe amakaratasi wahembweyeko atabashije kuboneka, urupapuro rwanditswe n'ishirahamwe ukorera tuzorwemera. Urwo rupapuro rubwirizwa kuba rwerekana amafaranga wagiye uraronka, ayo wakuweko, nayo wabasha kuronka buri kwezi. Womanya kandi ko mu gihe wubatse canke ufise uwo mubana nk'umugore, dukenera nawene urupapuro rwiwe dusuzumirako ko aronka ubufasha. Ku bijanye n'abakozi b'abimukira, kopi y'amasezerano yawe canke ikete ry'umukoresha riremewe.

### **Sinama nkora raporo y'ivy'iyungura n'iy'ikena ku bijanye n'urudandaza rwanje mu kiringo. Ndashobora kurungika ikete ry'amakori usubizwa na Leta?**

Nimba uri umukozi w'umunyamwuga, Uwukorana n'abandi, canke uwukora mu rwego rw'Amashirahamwe, uzokenera kuturonsa ikete ry'amakori usubizwa na Leta(Federal Tax Return) zigezweko (harimwo amasango be n'amafishi). kumwe na raporo y'inyungu n'ibihombo uwo mwaka. e. Mu gihe udasohoye raporo y'inyungu n'ibihombo vya buri mezi ane, P&L mu myaka y'imbere y'aho akwiye gushikirizwa hamwe n'amakori usubizwa na Leta(Federal Tax return). Mu gihe uriko urarungika ikete nk'Abafatanyije canke nk'ishirahamwe, tuzokenera ikete ry'amakori usubizwa na Leta, ikete ry'amakori usubizwa na Leta bwite, hamwe na raporo y'ivy'iyungura n'iy'ikena y'igihembwe vy'Abafatanyije na/canke Ishirahamwe y'uno mwaka canke, umwaka wabanje aho ukuba iki kiringo.

### **Ikiringo cemewe c'ukurungika imfashanyo y'amahera ni ikihe?**

Ikiringo cemewe kizogaragara mw'ikete ry'incanco. Ashobora kuba akwiye amezi atandatu, amezi cumi n'abiri mu gihe umuntu afise imyaka 65 canke irenga akaba ari mu karuhuko k'abatama, canke mu gihe ari agashimwe karungikwa kubera ivyago, ashobora kuba akwiye igihe kimwe gusa. Mu gihe amahera uronka yerekana ko ushobora kuronka Medicaid, NY Family Health Plus canke iyindi porogarama y'ubwishingizi irungikwa na Leta, utegerezwa gusaba Medicaid mu gihe uhuye n'ibisabwa kugira wemererwe kuyironka. Urwandiko rw'ukwemererwa ruzokwerekana ikiringo cemewe.

### **Ni kangahe nkeneye gusubira gusaba imfashanyo y'amahera?**

Imfashanyo y'amahera ni umugambiigenewe abarwayi bafise ingorane mu vy'amahera, kandi umuntu akwiye kuyisaba gusa mu gihe afise amahera yo kuriha amahera yo kwa muganga adashobora kuriha akoresheje UVMHN. Urashobora kubisaba igihe ico arico cose mu gihe ufise amadeni udashoboye kuriha, nimba wuyimvira ko hari konti y'ugutegekaniriza kazoza ukoresha izosiga ideni canke wiyumvira ko hazoba serevise izogusigira ideni.